



Pou Piblikasyon Imedya: 27/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE PREMYE TOU GAYAN POU NOUVO PWOGGRAM
ANKOURAJMAN POU VAKSEN AN KI RELE 'VAKSINEN, EDIKE, GRADYE' POU
TI MOUN KI GEN 5 A 11 ZAN POU GEN YON CHANS POU GENYEN YON BOUS
ETID KONPLÈ NAN SUNY OSWA NAN CUNY**

*Paran ak gadyen timoun ki gen 5 a 11 zan ki resevwa premye dòz vaksen yo
anvan 19 desanm ka patisipe nan tiraj osò a [isit la](#)*

Bous etid la den ladan frè ekolaj, chanm ak panson

*10 Gayan pa semèn pandan senk semèn ak premye gànyan yo ke yo pral
anonse 24 novanm; orè tiral la disponib [isit la](#)*

Videyo yo disponib [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Hochul te anonse 10 gayan pwogram motivasyon pou vaksen "Vaksinen, Edike, Gradye (Vaccinate, Educate, Graduate)" New York la. Gouvènè a te rele plizyè paran pèsonèlman tou pou pataje kanpliman li ke timoun yo ap kapab ale nan SUNY oswa CUNY pou sou bousdetid .

"Pwogram 'Vaksinen, Edike, Gradye' a bay opòtinite ki chanje lavi pou jèn Nouyòkè genyen ekolaj gratis nan yon fakilte oswa inivèsite SUNY oswa CUNY," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap antre nan sezon fèt la epi risk pou transmisyon yo ap ogmante, li absoliman enpòtan pou nou rete vijilan. Vaksen an se mwayen ki pi asire pou kenbe ou menm ak pwòch ou an sekirite - li gratis, fasil pou gen aksè, epi sa ki pi enpòtan li san danje pou timoun senk a 11 an yo."

Paran ak responsab timoun ki gen laj 5 jiska 11 zan ki resevwa premye dòz vaksen yo disi 19 desanm ka antre nan pwogram ankourajman "Vaksinen, Edike, Gradye" a pou yo gen chans genyen yon bous etid konplè nan nenpòt kolej oswa inivèsite SUNY oswa CUNY ki dire de oswa kat ane pou pitit yo. Bous etid la gen ladan frè ekolaj, chanm ak panson

Gànyan pwogram ankourajman Eta a pral resevwa de oswa kat ane etid aplentan nan nenpòt pwogram diplòm Asosye ouswa Lisans nan SUNY oswa CUNY, ki gen ladann sa ki annapre yo:

- **Frè eskolarite:** Frè eskolarite konplè nan yon Inivèsite Eta oswa Vil New York.
- **Frè pou depans ki pa lye a ekolaj la:** Chanm ak panson ak alokasyon pou frè liv, founiti ak transpò jiska nan pri mwayèn nan kolèj SUNY an.
- **Rezidans:** Elèv k ap viv nan kampis lekòl la pral resevwa yon alokasyon pou chanm ak panson ki pi wo pase elèv ki vwayaje yo. Si pa gen lojman ki disponib pou elèv yo nan kampis la, yo pral resevwa menm alokasyon ak elèv k ap viv nan kampis la.

Men lis ganyan yo. Lòt enfòmasyon ki idantifye yo pa disponib pou pwoteje vi prive elèv la.

- **Cecilia S.** - Konte Broome
- **Ivan Y.** - Vil New York
- **Andreas B.** - Konte Naussau
- **Juliette D.** - Konte Westchester
- **Cris Anzen B.** - Vil New York
- **Jocelyn R.** - Konte Monroe
- **Owen S.** - Konte Queens
- **Lily R.** - Konte Albany
- **Elizabeth E.** - Konte Erie
- **Tristan C.** - Konte Queens

Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare, "Felisitasyon pou premye gayan pwogram 'Vaksinen, Edike, Gradye' a, jèn Nouyòkè ki pwoteje kounye a kont COVID-19 la epi ki gen yon bousdetid ki presye k ap tann yo. Nou felisite paran ak responsab yo atravè New York ki te deja vaksinen pitit yo epi nou ankoraje yo franchi etap enpòtan sa nan efò kontini nou pou metrize pandemi an. Nou remèsyé Gouvènè Hochul paske li transmèt bon valè pou vaksinen timoun nou yo."

Chanselye SUNY an, Jim Malatras, te deklare, "Vaksinasyon se kle pou mete fen nan pandemi an, kidonk mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan kreye motivasyon pou bay plis vaksen nan bra Nouyòkè yo. Pwogram Motivasyon Bousdetid Vaksinen, Edike, Gradye a fè sa jisteman lè li ofri yon opòtinite ki bay antouzyas pou jwenn ekolaj ak sal ak panson nan youn nan gran lekòl SUNY yo. Mwen felisite tout premye gayan yo epi mwen remèsyé Gouvènè Hochul paske li kontinye konba New York la kont virus sa."

Prezidan Kòporasyon Sèvis Ansèyman Siperyè Eta New York la, Dr. Guillermo Linares, te deklare, "Felisitasyon pou dis premye gayan Pwogram Motivasyon Bousdetid Vaksinen, Edike, Gradye a ki resevwa youn nan kenz bousdetid yo! Asire ke tout timoun ki gen laj pou lekòl gen opòtinite pou vaksinen konplètman se yon gwo etap pou genyen konba kont kowonaviris la. Pwogram enpòtan sa ap ede anpeche pwopagasyon an, pandan l ap pèmèt timoun 5-11 an yo kalifye pu yon chans pou genyen yon bousdetid konplè nan youn nan enstitisyon klas mondal New York yo."

Paran ak gadyen yo ka patisipe nan non timoun ki elijib yo [isit la](#)epi moun ki pa gen aksè ak entènèt yo ka rele [1-833-697-4829](tel:1-833-697-4829) pou soumèt yon enskripsyon pa telefòn.

Eta New York pral administre tiraj osò a chak semèn, epi se Depatman Sante Eta New York ak Kòporasyon Sèvis Edikasyon Siperyè Eta New York (New York State Higher Education Services Corporation) ki pral verifye gànyan yo.

Yo pral aksepte sèlman yon sèl enskripsyon pou chak timoun, epi timoun yo dwe deja resevwa premye vaksen COVID-19 yo omwen yon jou anvan enskripsyon yo. Yo pral repòte enskripsyon yo atravè tout tiraj pwogram 'Vaccinate, Educate, Graduate' la. Gen Enfòmasyon Adisyonèl Ki Disponib nan [Règleman Ofisyèl yo](#).

Nou ankouraje paran ak gadyen yo pou vizite [nouvo sit entènèt](#) Eta a, pou jwenn enfòmasyon, [kesyon yo poze souvan](#), ak [nouvo resous](#) sou vaksen COVID-19 la ak timoun yo. Eta a dènyèman te ajoute materyèl ki pare pou sipòte founisè pedyatrik yo ak lokalite k ap bay timoun yo vaksen an sou tèren an, tankou nouvo afich ak otokolan ki disponib [isit la](#).

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5 a 11 zan yo pou yo kontakte pedyat ptit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran yo ak gadyen yo ka vizite [vaccines.gov]vaccines.gov, voye mesaj tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele [1-800-232-0233](#) pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a. Nan moman sa, yo te itilize sit vaksinasyon an mas Eta New York yo aktyèlman pou moun ki gen laj 12 an ak plis, pandan sit tanporè #VaxToSchool yo konsantre sou moun ki gen 12- a 17 an. Pwogramasyon ak evènman siplemantè ki konsantre sou timoun ki gen 5 a 11 zan yo ap anonse nan pa lontan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chann Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418